



Pou Piblikasyon Imedya: 9/1/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONIMAN ISTORIK ETA NOUYÒK YO LIMEN NAN OKAZYON JOUNEN NASYONAL REKONESANS FÒS DE LÒD YO

Yo pral limen 16 moniman istorik yo an ble fonse nan aswè 9 janvye a

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse 16 moniman istorik atravè Eta Nouyòk pral limen an ble fonse aswè a, vandredi 9 janvye a, nan okazyon Jounen Nasyonal Rekonesans Fòs De Lòd (National Law Enforcement Appreciation Day) yo. Ekleraj moniman istorik sa yo onore travay esansyèl ak egzanplè gason ak fanm ki te dedye karyè yo nan fòs de lòd epi ki travay nan kominote atravè tout eta a, pou pwoteje ak sèvi sitwayen Nouyòkè yo chak jou.

"Premye priyorite mwen se sekirite piblik, epi mwen gen pi gwo respè pou gason ak fanm nan fòs de lòd yo ki jwe yon wòl kle nan asire sekirite Nouyòk pou tout moun," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan Okazyon Jounen Nasyonal Fòs De Lòd yo – epi chak jou – mwen kanpe bò kote fòs de lòd Nouyòk yo, epi m ap kontinye bay sipò mwen pou tout travay di ak sakrifis y ap fè pou pwoteje Nouyòkè yo, elimine zam ilegal nan lari nou yo, epi kontinye redui nivo kriminalite."

16 moniman istorik sa yo pral limen pou onore Jounen Nasyonal Rekonesans Fòs De Lòd yo:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Niagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Lake Placid Olympic Center
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station

- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)

Depi lè li antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te fè gwo investisman pou kenbe Nouyòk an sekirite lè l angaje 3 milya dola nan inisyativ sekirite piblik atravè tout eta a, ki gen ladan 127 milyon dola sou fòm sibvansyon pou depatman lapolis ak biwo cherif yo, sa ki pèmèt yo modènize teknoloji ak ekipman fòs de lòd yo pou yo ka pi byen rezoud, diminye, epi anpeche kriminalite.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)